



MASSACHUSETTS

Department of Early Education and Care

CHILD CARE FINANCIAL ASSISTANCE AGREEMENT

Idantite Fanmi an _____

Dokiman sa a eksplike dwa w ak responsablite w pou Èd Finansye pou Swen Timoun nan. Li dokiman sa a ak anpil atansyon epi fè Administratè Aksè Fanmi w (FAA) konnen si w pa konprann oswa si w pa gen kesyon.

FAA Non Ajans lan _____ Adrès Imel _____

Non manm pèsonèl FAA _____ Nimewo Telefòn _____

Yo te apwouve w pou Èd Finansye pou Swen Timoun nan:

Dat yo Kòmanse Otorizasyon an _____ Dat Otorizasyon an Fini _____

- FAA ou a dwe konplete tou pou yon plasman pou chak timoun ki enskri epi pou kòmanse ba l swen
- Si yo te apwouve w anba Chèche Aktivite Apwouve, ou dwe verifye yon bezwen sèvis anvan fen an peryòd 12 semèn pou resevwa otorizasyon konplè 12 mwa a

Tanpri revize epi siyen ak inisyal ou nan chak espas ki anba a pou konfime ou konprann epi w dakò ak chak deklarasyon. Tanpri kenbe yon kopi pou dosye ou yo.

_____ Mwen konprann ou bay enfòmasyon an entansyonèlman oswa dokiman ki fo oswa pou twonpe ak/oswa kache oswa kenbe enfòmasyon nan objektif pou etabli oswa kenbe kalifikasyon oswa ogmante nivo Èd Finansye pou Swen Timoun yo konsidere kòm Fwod pou jistifye yo. Fwod yo pwouve ka lakòz yo sispann Èd Finansye pou Swen Timoun mwen an. Gen kèk egzanp Fwod ki pwouve yo enkli, men yo pa limite a:

- Pa rapòte ki moun ki lakay mwen (pa egzanp pa rapòte yon lòt paran k ap viv avèk w).
- Pa rapòte tout sous revni mwen (pa egzanp, travay a tan pasyèl/pa jou, revni lokasyon, pansyon alimantè, travay sou demand ak lòt yo, oswa lòt aranjman travay ki pa tradisyonèl yo).
- Chanje oswa fo dokiman sou revni ou resevwa yo (pa egzanp, pa rapòte tout lajan ou resevwa nan travay endepandan, oswa chanje oswa fo souch peman).
- Pa rapòte avèk presizyon bezwen sèvis oswa chanjman nan bezwen sèvis pou tout paran (pa egzanp, bay souch Yon bezwen sèvis se aktivite oswa lòt rezon ki kalifye fanmi ou bezwen gadri, tankou travay, edikasyon, oswa fòmasyon - pandan tan ou bezwen gadri a.

_____ Mwen konprann si mwen resevwa Èd Finansyèl pou Swen Timoun yo kòm yon konsekans Fwod ki pwouve, mwen pral responsab pou ranbousman tout kantite Èd Finansye pou Swen Timoun ki resevwa l la epi mwen ka responsab yon zak kriminel.

_____ Mwen konprann si yo te apwouve mwen pou Èd Finansyèl pou Swen Timoun selon rechèch Aktivite ki Apwouve a, mwen dwe verifye mwen gen yon sèvis ki kalifye pou kontinye sèvis gadri mwen apre peryòd pwovizwa oswa Èd Finansye pou Swen Timoun mwen an k ap fini an

_____ Mwen konprann pou verifye revni mwen ak bezwen sèvis mwen yo, EEC oswa FAA ka bezwen kontakte patwon mwen, kolèj/inivèsite, lekòl, oswa pwogram fòmasyon mwen an. Mwen otorize patwon mwen oswa administrasyon lekòl mwen an pou yo bay EEC oswa FAA enfòmasyon sou revni mwen, salè, èdtan, orètravay mwen, ak enfòmasyon sou enskripsyon mwen an.

_____Mwen konprann mwen dwe rapòte chanjman yo jan sa endike anba a:

Chanjman ki dwe rapòte nan 30 jou:

- ogmantasyon nan revni total kay ki depase 85% Revni Medyàn Eta a (SMI)
- chanjman nan enfòmasyon kontak fanmi an; konpozisyon nan kay la; oswa aranjman pou gadyen timoun yo
- kite eta a
- nenpòt chanjman oswa mete fen nan bezwen sèvis yon paran ki dire plis pase 12 semèn

Mwen konprann si mwen pa rapòte chanjman ki anwo yo nan 30 jou sa pral lakòz yon Vyolasyon Pwogram Entansyonèl (IPV) epi li ka fèm resevwa yon diskalifikasyon pou Asistans Finansye pou Swen Timoun nan.

Chanjman ki ka rapòte nenpòt ki lèpandan yon peryòd otorizasyon, oswa nan re-otorizasyon :

- absans tan limite nan yon bezwen sèvis akòz maladi oswa bezwen pou pran swen yon manm fanmi (ki gen ladan konje paran)
- entèripsyon nan travay pou yon travayè sezonye oswa rediksyon nan sèvis kote yo bezwen èdtan (ansanm ak paran an ki toujou ap travay oswa ale nan fòmasyon oswa edikasyon)
- nenpòt entèripsyon semès oswa vakans pou yon paran k ap patisipe nan edikasyon oswa fòmasyon; chanjman oswa mete fen nan bezwen sèvis yon paran ki dire mwens pase 12 semèn
- Chanjman revni ki pa depase 85% Revni Medyàn Eta (SMI)

_____Mwen dwe kominike ak gadyen timoun mwen an nenpòt ki lèpitit mwen an ap absan. Mwen konprann si pitit mwen an pa ale nan swen 30 jou youn apre lòt oswa plis pase 45 jou total nan otorizasyon 12 mwa mwen an oswa 20 absans nan yon otorizasyon pwovizwa 12 semèn, gadyen timoun mwen an ka deside mete fen nan plasman mwen genyen nan pwogram yo. Mwen responsab frèparan mwen pou chak jou gadyen an ouvri, disponib pou swen epi pitit mwen an pwograme pou l ale, menm si li absan.

_____Mwen konprann mwen ka mande gadyen swen timoun mwen an pou yon poz ki apwouve si pitit mwen an ap absan pou swen pou yon peryòd tan ki pwolonje (pa egzanp, maladi pwolonje, vizit ak yon paran ki pa gen gadyen, elatriye) Si mwen nan yon repo yo apwouve pou swen mwen pap responsab frèparan yo. Pwofesyonèl swen timoun mwen an ka kenbe chèz pitit mwen an men li pa oblije.

_____Mwen konprann otorizasyon mwen pou Asistans Finansye Swen Timoun k ap rete aktif toutotan mwen itilize sèvis gadri a pandan peryòd 12 mwa otorizasyon mwen epi mwen toujou kalifye dapre règleman EEC a. Mwen konprann mwen dwe redètèmine kalifikasyon mwen anvan otorizasyon 12 mwa mwen an fini.

_____Mwen konprann mwen ka jwenn aksènan yon plasman gadri nan yon pwogram nenpòt ki lèpandan 12 mwa otorizasyon mwen dapre bezwen gadri mwen yo. Mwen pral bay gadyen swen timoun mwen an omwen 2 semèn avi si mwen sispann swen mwen ak pwogram yo.

_____Mwen ka mande yon revizyon EEC si mwen santi FAA mwen an pa t detèmine kalifikasyon mwen pou Asistans Finansye Swen Timoun nan kòrèkteman, ki gen ladan yo refize oswa sispann.

Mwen sètifye anba penalite pou fo temwayaj, enfòmasyon yo bay yo kòrèk e konplèdapre mwen konnen.

Siyati Paran an _____ Dat _____